

# Tànk-ndànk

CP

Jéego


5

Téere

2



République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Vente interdite



# Wolof

# Tànk-ndànk

Jéego 5

Téere 2

Édition 2018  
Réimpression 2020




Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# **Li téere bi ëmb**

Raki bëggul.....	4
Sëyu Léebeer bu ndaw .....	20
Sëy bu teel. ....	44
Xaritoo ekool Daaru ak bu Medina .....	64
Surnaalu Ekool.....	84

# Raki bëggul



Raki, doomu Yaay Mbill, dafa doon xale bu  
yaru, ànd ak taar te sopplu lool.  
Dafa sawar ci jäng lekool.  
Dafay léttu ba jekk, sangu, diw yaramam.  
Foo ko fekk mu ngi sol yére yu rafet.  
Yaay Mbill, lu mu am jox ko doomam,  
ndaxte bëggul mu tumurànke.

Baay Mbill beykat la.  
Saa su ne dafay dem tool.  
Su nawetee, mu bey dugub, gerte, ñebbe.  
Su nooree, mu liggeey ci toolu lujumam.  
Baay Mbill am na ñetti néeg. Benn bi mu  
bokk ko ak Yaay Mbill.



Beneen bi di néegu Raki,  
moom rekk a ciy tëdd.


Ñetteelu néeg bi di néegu Ngóor Mbill ak  
Moor Mbill.

Baay Mbill am na xarit bu tudd Yëkk.

Yëkk am na benn bitig bu mag,  
buy jaay mburu.

Dëkk bi yépp kér Yëkk lañuy jënde mburu.

Soo rombee palaasam, dangay gis nit ñi  
taxaw di benn-bennal, di jënd ay kàmp.  
Kàmp yi dañu neex, di xoyom-xoyomi.  
Ngoon gu ne, Yëkk dawal oto,  
dem kër Baay Mbill, foofu lay naane àttaaya  
ca Yaay Mbill.  
Ngóor mooy togg àttaaya ji,  
Raki di ko séddale.  
Foofu lay nekk, di fa waxtaane ba timis,  
mu ñibbi.



Yëkk, saa yu ñëwee indil Raki dara,  
Raki séddoo ak ñépp.

Baay Mbill bég lool ci guro gi ñu koy  
indaaleel.

Yenn saa yi, mu may Yaay Mbill ay kèmp.

At ya di jàll, ñu nekk ci jàmm ju rëy.

Yëkk dafa baax, di defal lu ne Baay Mbill  
ak jabaram.

Mësul dugg kër Baay Mbill te indiwul dara.


Raki day jàng bu baax ekool, nee na su  
màggee, dafay liggeey ci biro.

Raki a ngi màgg tuuti, mu ngi am ndam  
ci njàng mi.

Déwen lay dugg ci kalaasu jojante bi.

Looloo tax ci nawet bi mu dugg ci kalaas  
buy nafar.

Raki xamul lu dul jàng, fo ak ree.



Yëkk dafay waxtaan ak moom, wànte Raki  
dafa yaru.

Dafa koy tontu rekk, ba noppi dem dem  
bu gaaw.

Benn bés, mu woo Baay Mbill, bëgg a gise  
ak moom.

Mu ne ko leegi tollu naa ci takk soxna te  
am naa ku ma gis.

Baay Mbill bég lool ndax Yëkk  
xaritam la lool.

Yëkk ne ko Raki la bëgg a labat.

Baay Mbill laaj ko : « Raki man ? »

Yëkk tontu ko : « Xanaa Raki sa doom ji.

Baay Mbill am lu ko bett lool. »



Mu ne ko : « Raki xale la, dafay jäng ! »

Yëkk ne ko : « Moom de laa bëgg soxna. »

Baay Mbill ne Yëkk dina gise ak Raki ba xam.

Bi guddi jotee, Baay Mbill wax ko

Yaay Mbill.

Mu ne su Raki sëyee ak moom, dina ko yore  
yore bu rafet.


Dina ko toppatoo, fajal ko soxlaam yépp.

Raki yëgul lu xew, mu ngi jäng ci kayeem.

Yaay Mbill ne Baay Mbill dina waxtaan ak  
doomam.

Mu bàyyi ba ca ëllëg sa,  
mu woo Raki, taaj ko.

Mu ne ko : « Raki dëgg la, xale nga ba tey  
wànte am na ku lay bëgg. »



Doom ji ne ko : « Yaay loolu mooy lan ? »

Yaay ji tontu ko : « Yëkk dafa bari xaalis te  
amul jabar, léegi dafa la bëgg a takk, nga  
doon jabaram. »

Raki tëb yuuxu : « Yaay man damay jäng,  
bëgguma sëyi.

Dama bëgg a tekki, am xaalis, teral waajur.

Raki mu ngi jooy, bëggul sëyi léegi.

Yaay Mbill moom dafa bëgg Raki  
sëy ak Yëkk.

Nee na Raki : « Soxlawul ngay jooy, jigeen  
dafay sëy, loolu mooy sa warugar. »



Raki sukk ci kanamu yaayam, di ko tinu.

- Yaay man bëgguma sëyi léegi, dama bëgg  
a yeggali sama njàng.

- Yëkk, jëkkër ju baax la, waru la rëcc.

Am na xaalis te dina toppatoo sa askan wépp.

- Yaay ! Waxal sama baay ne duma sëy  
ak Yëkk mukk.

Raki jaaxle ne Yaayam bëggul dégg lu jëm

ci sëy.

Yaay Mbill génn ca, bàyyi ko moom rekk.

Raki yuuxu.

Céy nu may def, céy fu ma jëm ?

Yaay Mbill ak Baay Mbill déggoo nañu.

Raki dina sëy ak Yëkk, mu neex ko ak mu naqari ko.



Yëkk yónni na ay mbokkam ak alal ju bare,  
loolu mooy warugar wi.

Kér gi fees na, nit ñaa ngi waxtaan.

Terànga ji rëy na. Yëkk may na  
Raki ay milyonj.

Raki moom mu ngi tëju ci néegam  
di jooy rekk.

Nu muy def ?

Jël na telefon, woo Faati Njomboor,  
xaritam.

Kooku ne ko : « Dangay bàyyi ba guddi nga daw, ñëw sama kér. »

Raki bàyyi ba jant bi so, mu jël saagam.

Mu ñëw fëgg ci buntu Faati Njomboor.

Mu ne ko : « Faati takk nañu ma ba pare,  
yóbbu ma rekk moo des. »

Ca ëllég sa, Raki ànd ak Faati Njomboor,  
ñu jël saxaar ñibbi.



Waa kér Yëkk def nañu mbooloo,  
jëlsi séet bi.

Fekk nañu Yaay Mbill di jooy, ndax Raki  
dem na.

Kenn xamul fu mu àkkeji.

Mu ngi jooy di yuuxu.

Céy gàcce gii fu ma koy waxe,  
sama doom daw na.

Ca ëllëg sa moroomi elewam yi ñëw di ko nemmeeku fekk Yaay Mbill di jooy.

Guleet Raki fanaan àll.

Mu ne : « Mbaa du dañu sàcc sama doom ji ? »

Yaay Mbill jooy na ba bët yi newwi.

Xamul lu jot Raki.



Nit ñi dem fu ne di seet Raki, kenn gisuko.

Ndóbin, yéenekat bi jël ndëndam waaye  
kenn gisu ko.

Yëkk tiit na, jël na oto fu ne mu seet,  
waaye dara.

Bi mu amee ñetti fan, Raki dem ekool seeti  
direktëer.

Mu ànd ak direktëer, Madam bi ak elew yi dem seen kér.

Yaay Mbill gis ko, mu ñëw laxasu Raki, di jooy.

Direktëer ne leen Raki dafa ko seetsi ndax bëggul sëy, jàng la bëgg.

Bi ñu waxtaanee ba déggoo ak waa ekool bi, ñu delloo Yëkk xaalisam.

Raki dootul sëyi, dafay jàngi.

Ca ëllëg sa, Raki solu ba jekk, dellu seen kalaas.

### Laa j yi :

Ndax Raki elew bu baax la ?

Ndax Raki bëgg na sëy ak yëkk ?

Raki lal na ay pexe ba rëcc ci sëy bi.

Bu doon yow, looy def ?

Soo doon xelal elew bu war a sëy,  
loo koy digal ?

# Séyu Léebeer bu ndaw



Ay fan a ngi nii dex gi yëngu ndax werante ci diggante Baay Léebeer ak Yaay Léebeer.

Boroom gaal yi ca dëkku nit ñimewuñoo nappi, booba ak leegi mat na weer.

Li indi werante bi diggante Yaay Léebeer ak Baay Léebeer mooy seen doom ju jigeen.

Ñey wu ndaw moo ko indil may gu jëkk,

Baay Léebeer ni doomam matagul a sëy.

Yaay Léeber ne doomam mat na sëy, dañu koy maye.

Seen werante bi, njël lay tàmbali, yendoo ko ba jant di so.

Doktoor Looy mi dëkk ci guy gi ci wetu dex  
gi te di seen dëkkandoo dem seeti leen.

Ba mu àggee mu ngi leen fekk ku nekk mer  
ba futt.

Ca saa sa, ñu dakkal werante ba, nuyoo ak  
moom, jox ko toogu.

Doktoor Looy xaddamiku, rafetlu seen  
dëkkandoo bu yàgg bi.

Bi mu noppee mu ne leen : « Seen werante  
wee ma indi fii tey. »



Baay Léebeer ne ko : « Kër gi,  
maa fiy kilifa ! »

Doktoor Looy tontu : « Man dey tànki  
dëkkando doñj laay dox ! »

Yaay Léebeer ne : « Maa nangu may gu  
jëkk, bëgg Baay maye sunu doom  
mu lank ! »

Mu yokk ca : « Amul wenn waajur wu  
bëggul sa doom sëy ! »

Doktoor Looy ne ko : « Li ma gën a indi,  
sama liggeeyu doktoor bi ci la ! »

Yaay Léebeer ne ko : « Luy yoonu doktoor  
ci sëy ? »

Doktoor Looy ni leen : « Dama leen a  
bëggoon a gindi donj ! »

Baay Léebeer ne ko : « Ci lan nga nuy  
gindi? »

Yaay Léebeer yokk ca : « Jar na koo laaj,  
ndax réerunu ba kenn di nu gindi ! »

Doktoor Looy ni leen : « Dama jàppe  
Léebeer bu nadw ni sama doom ! »

Baay Léebeer ne ko : « Doktoor dikkal ci  
wax ji nga nuy gindee ! »



Doktoor Loy ne leen : « Dugg néegu sëy,  
teel na lool ci Léebeer bu ndaw ! »

Yaay Léebeer tàccu, téye ndigg la, wiccax  
bopp ba, ne ko : « Doktoor Looy,  
bul nu tojal ! »

Mu yokk ca : « Yaa ngi bëgg a weesu  
dëkkandoo doktoor !

Doktoor Looy jaaxle ne : « Yaakaaruma ko  
ndax jàmmi xale bi rekk laa bëgg ! »

Baay Léebeer ne ko : « Sa xalaat rafet na  
Doktoor. »

Yaay Léebeer ne leen : « Mënuleen maa  
teree jot sama teràngay doom ! »


Noona, Yaay Léebeer tàmbalee jooy.

Baay Léebeer ne : « Doktoor defe naa ne  
mbir maa ngi bëgg a ëpp i loxo ! »

Doktoor Looy ne : « Jooyloo ko moom mii  
indiwuma fi, joxe sama xalaat a ma indi !

Baay Léebeer ne ko : « Waxal sa xalaat te  
dem sa yoon Doktoor !

Doktoor Looy neeti : « Ma ne, Léebeer bu  
ndaw waragul a dugg ci néegu sëy leegi !



Yaay Léebeer jël kàddu ga ne : « Ndax delloo may gu jëkk goo jot, rafet na ?

Baay Léebeer ne : « Ndax xale bu am fukki at ak ñett dina dugg néegu sëy ? »

Yaay Léebeer tontu regejuwaale :  
« Waawaaw, bare na lool ci sunu biir dex gii ! »

Baay Léebeer : « Ñépp a ngi koy def, taxul ma def ko su ma gisee ni baaxul ! »

Doktoor Looy : « Waxtaan dafa ànd ak ku ne di déglu sa moroom. »

Baay Léebeer ne : « Moom mii du déglu, su doon déglu, kon du nangu may gu jëkk gi ! »

Yaay Léebeer tontu : « Delloo sa terànga doom, kenn du ko def ! »

Doktoor Looy jëlaat kàddu ga ni leen :  
« Dama leen di ñaan ngeen déglu ma. »

Baay Léebeer ne ko : « Man dey,  
dinaa la déglu ! »

Yaay Léebeer fénati ne : « Doktoor,  
maa jëkk a noppi ! »



Doktoor Looy ne leen : « Dugg néegu sëy, ci góor ak jigeen yépp, dafa am waxtu. »

Yaay Léebeer ne : « Waajur yépp a bëgg seen doom dugg néegu sëy ! »

Baay Léebeer tontu : « Li Doktoor wax leer na, dugg néegu sëy, dafa am waxtu ! »

Doktoor Looy ni leen : « Su ngeen ma dégloo dinaa gën a leeral li ma wax. »

Nit, di góor walla jigeen, ay céram dañu war a mat muy soog a dugg néegu sëy.

Yaay Looy ne : « Xale yu tollu ni Léebeer bu ndaw lañu fiy maye sëy, dara nekku ci ! »

Doktoor Looy tontu ne : « Daraa ngi ci kay,  
dinaa leen ko leeralal.

Xale bu jigeen bi teel a dugg néegu sëy yu  
baree ko mën a dal !

Ci yooyu man nañu cee lim : « Ëmb bu teel,  
am doom ñakk bakkanam ak fistil ! »

Yaay Looy ne : « Feebar fi lanu ko fekk,  
fi lanu koy bàyyi ! »

Doktoor Looy ne : « feebar boo mën a  
moytu, keen waru koo teg sa bopp ! ».



Baay Léebeer ne ko : « Fistil sax, mooy lan ? »  
Doktoor Looy ne ko fistil feebar la buy dal  
xale bu jigeen bu teel a dugg ci sëy.  
Am na fistil boo xam ni, ñaari yoon yooyu  
dañuy xëttaloo nekk benn.  
Ku ame fistil mënul a téye sawam.  
Su Léebeer bu ndaw duggee ci néegu sëy ci

fukki at ak ñaar, di ngeen ko lor !

Yaay Léebeer ne ko : « Léebeer bu ndaw a  
ngi ci fukki at ak ñett ! »

Doktoor Looy tontu ko : « Benn la, ba tey  
yaramam matagul ! »

Doktoor Looy ne leen : « Dugg néegu sëy ci  
góor ak jigeen yépp dafa am waxtu. »



Fistil lu naqaree faj la te dina am sax fistil  
yu ñu dul mën a faj.

Lu weesu loolu, ki am fistil du set mukk.

Nekk ak i nit dina ko jafe lool ndax xet yi  
muy àndal.

Lu weesu loolu, xanaa Yaay Léebeer,  
danga bëgg sa doom bañ a dem ekool ?

Yaay Léebeer ne patt, di xoole.

Baay Léebeer ne : « Jërëjëf, Doktoor Looy,  
tey jii, dégg nanu dëgg ! »

Yaay Léebeer tontu ko : « Waxalal sa bopp te bañ ma cee boole ! »

Baay Léebeer ne ko : « Yow moom, sa terànga yi, ñoo la gënal wér-gu-yaramu xale bi ? »

Doktoor Looy ne Yaay Léebeer mu xalaat bu baax a baax ci li mu bëgg a amal.

Doktoor Looy tàggoo, ne : « Dégg naa samay doom naan Léebeer bu ndaw ku mën a jàng la ! »

Bi Doktoor Looy demee, Yaay Léebeer ne : « Dellu ginnaaw weesu na, dinga maye xale bi ! »



Baay Léebeer ne ko : « Li fi Doktoor Looy wax lépp sunu njariñ la nun ak Léebeer bu ndaw ! »

Yaay Léebeer yuuxu : « Wóoy man gàcce gii, fu ma koy waxe ? » Bàjjen duggsi ne : « Waaw, li may dégg, nu mu deme ? » Baay Léebeer tontu ko : « Ki la nettali, lu mu la wax ? » Bàjjen ne ko : « Dégg naa danga bëgg a dellu gannaaw ci maye Léebeer bu ndaw. »

Baay Léebeer noppī bā yàgg mu ne : « Xale bi dafay jàng, du dugg ci néegu sëy ! »  
Ñaari jigeen ña booloo bëgg Baay Léebeer dellu gannaaw.

Bàjjen ne ko : « Ma ni, sa wax jooju laa bëgg nga teg ko ci suuf ! »

Baay Léebeer : « Sama mag nga wànte lii dafa am lu ma ci xam, loo xamul ! »

Bàjjen : « Maa la mag, xamoo ci lu ma xamul, mayeel xale bi mu sëyi ! »

Baay Léebeer ne ko : « Masumaa weddi say wax wànte bii yoon dafa am loo xamul ! »

Bàjjen xaw a mer ne : « Waay-waay wax ma li ma xamul ! »



Baay Léebeer ne ko : « Xale bu dugg néegu  
sëy njàngam dina yàqu, mu am fistil ! »

Bàjjen tontu :

« Luy fistil ci këru àdduna ? »

Baay Léebeer ne ko : « Feebar la boo xam  
ne ku mu dal du mën a téye sawam. »

Bàjjen ni ko : « Wóoy sama rakk ji  
ku yàq xelam ? »

Yaay Léebeer ne ko : « Du kenn ku dul  
Doktoor Looy, leegi la fi jóge ! »

Bàjjen ne ko : « Soo bañee maye xale bi,  
dinaa dogoo ak yaw ! »

Baay Léebeer noppí ba yàgg mu ne :  
« Su fekkee noonu nga ko gise,  
kon dinanu dogoo ! »

Bàjjen di jooy, Yaay Léebeer moom itam di  
jooy, ñu jóg, ànd génn.

Baay Léebeer des fa, toog ba yàgg  
telefonam sone, mu jël, muy rakkam.

Bàjjen a ñëw leegi ak i jooyam nettali ma li  
xew wànte yow laa àndal !

Baay Léebeer ne ko : « Jaajëf, man duma  
dellu gannaaw benn yoon ! »

Rakk ji : « Dama lay digal ngay teg bët foo  
tollu ci Léebeer bu ndaw ! »



Baay Léebeer, jarbaat bi nekk wàllaa dex,  
moo ko woo telefon.

Jarbaat : « Nijaay, dégg naa li nga bëgg a  
def lépp ! »

Baay Léebeer : « Ku la ko wax ? »

Jarbaat : « Sama umpaañ moo ma woo ne  
ma sa nijaay àndul ci sëy bi. »

Baay Léebeer :

« Sa umpaañ wax na dëgg ! »

Jarbaat : « Bëggewuma ko woon noonu  
wànte ku dem noonu moo gën. »

Baay Léebeer bëgg leegi xelum Yaay

Léebeer déllusi mu door waxtaan.

Yaay Léebeer ne ko : « Joxe sa kèddu ba noppo, génn ca dafa metti ! »

Baay Léebeer ne ko : « Danu war di waxtaan ba déggoo bala nuy joxe sunu kèddu ! »

Ay at wéy, Léebeer bu ndaw jäng na ba dem ba nekk doktoor, waakëram yépp ak Doktoor Looy bégi !

Waajur yi nañuy seet njariñu xale yi te sàmm leen rawatina ñu jigeen ñi.

Nañuy jàppale xale yu jigeen yi ñu jäng, màgg ba mën a tabax seen èllèg.

### Laa j yi :

1. Lan moo waral Doktoor Looy ñëw seetsi Baay Léebeer ak Yaay Léebeer ?
2. Nan la doomu Baay Léebeer ak Yaay Léebeer tudd ?
3. Kan mooy jàppale jarbaatu Baay Léebeer ci sëy bi waroon a am ?
4. Lu ngeen xalaat ci waajur yuy maye sëy seen doom yu tuuti ?

# Séy bu teel



Maryama juroom-ñeenti at la am.  
Elew la bu ràññeeku ci njàng.  
Dafay góor-góorlu saa su ne,  
sawar lool ci njàngam.  
Moo tax mooy raw ci kalaasam.  
Waaye lu tollu ci ayu-bés a ngi nii ñëwul,  
xale yi ne dafa feebar.

Bi toog bi yàggee, madamam ànd ak ay  
moroomu elewam, dem seeti ko këram.

Bi ñuy dem, yóbbale nañu tuuti sarica yu  
xale yi dajale.

Ñu egzi ci kér gi, fekk ko mu toog ci wetu  
yaayam, di añ.

Bi leen yaay ji gisee, mu mel ni ku tiit.

Mu jaaxle ne leen : « Mbaa jàmm, lu xew ? »



Jàngalekat bi ne ko : « Jàmm rekk waaye  
man kat dama jaaxle ! »

Ñaari ayu-bés jàll na, ba ñu dugg ci ñetteel  
bi te Maryaama jàngisiwul.

Ma laaj ko xale yi, ñu ne dafa feebar.

Moo tax, tey, ñu ñëw fii di ko seetsi.

Waaye ni ma ko gise de, dafa mel ni tane  
na, dara jotatu ko.

Yaayam ne patt, waxul dara diir  
bu yàgg tuuti.

Nees tuut, mu jóg, woo jängalekat bi  
ci biir néegam.

Mu bàyyi Maryaama ci biti, muy waxtaan  
ak ay moroomam.

Bi ñu duggee ci néegam, mu nekk néeg bu  
xaw a fooyooy.

Pajaas lañu teg ci suuf, lal ci darab  
bu xaw a furi.

Ci ginnaaw lal bi, ñaari waxande yu tëju  
lañu fa teg.

Ci kow am tuuti yére.



Boo duggee, ca càmmooñ, ndaa lu rafet mu  
nnga fa.

Ñu muur ko, teg ci kawam pot bu set wecc.

Basañu ñax lañu lal ci suuf.

Bi ñu duggusee ci néeg bi, ñu toog ci suuf  
di nuyoonte, di jàmmasante.

Yaayu Maryaama tanq ndox ci ndaa li, ñëw  
sukk, jox jàngalekat bi.

Bi mu naanee ba noppi, mu delloo ko pot

bi.

Mu jóg delloo pot bi ci ndaa li,  
ñëw nag toog ci wetam.

Jàngalekat bi laajaat ko : « Waaw, lu tax  
Maryaama jàngisiwul booba ba tey ? »

Yaay ji mel nai ku am ñaari xel,  
muy sikk-sàkka.

Jàngalekat bi ne ko : « Waxal rekk, bul  
ragal, ñun ñaar ñépp ay jigeen lañu. »

Yaay ji nag door a ñemee wax.



Mu ne ko Maryaama daal, dafa feebaroon  
booba ta tey.

Leegi sax tane na bu baax.

Bi mu tanee, la waroon a jängisiwaat.

Ci diggante bi, benn jarbaatu pàppaam,  
moo fi ñëwoon, di seetsi nijaayam.

Mu gis ko rekk, ni dafa ko bëgg ; moom nag  
bitigu mbagg la ca Dakaar.

Sàllaaw may na ko sax ñaari junni.

Ñu ne na fa jaare toog, ndegam dañu ko

war a maye mu sëyi rekk.

Baayam ne na bàyyi jàng, ñu jàngal ko

liggeeyu kër ; moo tax jàngiseetul.

Jàngelekat ba laajaat ko : « Waaw lu tax  
ngeen bëgg ko maye mu sëyi ?

Teelul ci moom ?

Yaay ji ne : « Teel na daal, waaye mooy  
taaw bu jigeen.

Sunu nekkin ci dëkk bi dafa metti lool te  
pàppaam liggeeyatul.



Man mii di yaayaam, damay forttaatu rekk.  
Su ma amee tuuti, jënd, dem jaay ci  
luuma yi.

Su nu ko mayee, boroom këram nee na  
dafa koy bàyyi fii ndax xale la.

Dina ko yónnee dund weer wu nekk.

Su booba, sunu jafe-jafe dina wàññeeku bu  
baax.

Jàngalekat bi déglu ko ba mu noppì.  
Mu ne : « Li nga wax lépp dëgg la.  
Waaye tey dinaa la nettali loo xam ne  
masuloo ko yaakaar ci man.  
Man mii, bi ma nekkee xale, tollu ci atu  
Maryaama, laa naroon a sëy.  
Sama yaay woo ma bés ne sama pàppa  
dafa may maye.  
Moo tax li nga may nettali, maa ngi mel ni  
ku koy dundaat.



Dama nekkoon xale, mën jàng lool,  
ràññeeku lool ci ekool.

Waaye samay waajur nekk ci ay jafe-jafe  
yu metti, yu tar.

Ma nekk taaw man itam, sama yaay jaboot  
lool, kaar.

Bala may xëy di jàngi, dinaa dimbale sama  
yaay, bale, raxas, rooti ca teen ba.

Yenn saa yi sax, ma fóotal samay rakk bala  
may dem.

Waaye njàng mi dafa ma nexoon.

Su ma paree, damay daw dem ekool bañ  
a tärde.

Ndax sunu muse dafa ma bëggoon.

Dafa xamoon sama nekkin ci kër gi.

Bés, ma wàcc rekk, fekk genn góor ca kër  
ga, mu ànd ak jenn jigeen.

Ñu nuyoole nu, ni ma kii sa  
doomu bàjjan la.

Bi ma ko nuyoo daal, mu xaw ma jaaxal,  
ndax xamuma woon sama bàjjan boobu.



Sama xel xaw a ñaaw.

Ma naan ci sama xel waaw sama doomu  
bàjjan lu muy wutsi fii.

Bi nu añee ba noppi, sama pàppa, sama  
yaay ak sama bàjjan dugg di waxtaan.  
Waxtaan wi nag, kenn déggu ko, dara  
sennu ci.

Ñu ne ma naa leen àttaayaal.

Fi ma toog di àttaaya, sama doomu bàjjan  
bi ñëw, ni dafay waxtaan ak man.

Man nag nanguwuma waxtaan wa.

Bi ngoon jotee, ñu tàggoo, daldi ñibbi.

Sama pàppa ak sama yaay daldi may woo  
ca néeg ba.

Ñu nettali ma li ñu waxtaane lépp.

Ci tënk daal, ñu ne ma dañu may may sama  
doomu bàjjan.



Ma bañ, di jooy, di jooy ba sonn, sama yaay yërëm ma lool. Dem naa bay xalaat génn dëkk bi, daw dem. Ay bés di romb, lekkatuma, ma jeex tàkk. Ma am lool lu ma metti, sama yaakaar yépp naaw. Maa ngi defoon sama xel ci jàng bu baax, su ma màggee am liggeey bu baax. Ma mën a génne samay waajur ci ñàkk. Waaye bés boobu, sama yaakaar yépp a tas.

Benn bés, sama yaay woo ma, ñuy  
waxtaan. Mu xamal ma ne, sama doomu  
bàjjan bi may bëgg, leegi mu noppì jàng.  
Bu ma takkee, dina ma jàppale. Waaye  
man daal, baatu takk laa doon bañ a dégg.  
Ku ma ko wax, sama xol diis,  
ma bëgg a jooy.



Ñu toog ay fan, sama doomu bàjjan  
bi ñëwaat.

Bii yoon nag, àndul ak yaayam.

Mu xamal ma ne moom jàng na te du ma  
yàqal sama jàng. »

Mu ne ma : « Sama yaay bëgg-bëggam  
mooy ma takk jabar leegi. »

Ndax waajur wu nekk dafa bëgg a gis  
sëtam balay màggat. Man nag, xam naa ne  
yow mii xale nga, ci jàng nga tollu.

Naam dinaa la takk, waaye dinaa la  
jàppale, ba nga tekki.

Su boobaa, dinaa xam ne man sama jaan  
wàcc na. »

Jàngalekat bi dolli ci ne : « Gis nga ma nii,  
tey maa ngi nii di liggeey. »

Ki ma am dafa jàng, xam soloy njàng.

Moo tax mu bàyyi ma, ma eggale  
sama njàng .

Ndax ki ngeen bëgg a may Maryaama,  
dina nangu li sama boroom  
kër nangu woon ?



Yaakaaruma ko de, ndax kii ngeen koy  
may, jàngul.

Mag na Maryaama lool te amul liggeey bu  
wóor, dafay forttaatu rekk.

Maryaama nag xale bu yeewu la te am na xel.  
Yow yaa jur sa doom, waaye li ma lay digal  
mooy nga def ndànk.

Bàyyi ko mu eggale njàngam ba ca kanam,  
doo ko mas a réccu. »

Bi jàngalekat bi delloo, Yaay Mbeen xam ne  
dëgg gu wér la ko wax.

Mu nettali boroom këram li ko Madam Kura  
wax lépp ci mbirum Maryaama.

Pàppay Maryaama xam ne li Madam Kura  
wax dëgg la.

Warul yàq ëllégu doomam ndax  
xaalisu tey.

Mu ne mayeetul doomam, dafa koy bàyyi  
mu jàngi ndax mu tekki ëllëg.

### Laaj yi :

- 1.Lu tax Maryaama ñëwatul jàngisi.
- 2.Kan moo ko ma y xaalis ?
- 3.Jarbaatu pàppay Maryaama lan la  
ci Maryaama ?
- 4.Loo xalaat ci sëy bu teel.

# Xaritoo ekolu Daaru ak bu Medina



Ekolu Daaru dafa xaritoo ak ekolu Medina  
bi nekk ca Maatam.

Ñoom nag dañuy bindante ay bataaxal,  
di yónneente ay nataal ak ay neexal.

Direktirisu ekool bi gis ni xale yi dañuy  
bindante ay leetar yu neex, yu am solo.  
Waaye duñu ko denc.

Mu ne leen léegi nag dañuy defar  
benn téere.

Ñu tudde ko « Dëgëral xaritoo diggante  
ekolu Daaru ak ekolu Medina. »

Mu ne léegi, kalaas bu nekk ci ndimbalu  
jàngalekatam, dafay defar benn bataaxal.  
Mu wax lan moo ko gën a neex ci ekool bi.  
Kalaas bi gën a ndaw bind ne :  
« Nun sunu kalaas moo dàq ci ekool bi.  
Dafa yaatu te leer, miir yi dañu ko pentur  
bu mboq.

Àlluwa ju mag ji dafa am melo wu wert,  
ci kawam ñu taf ci ay araf ak ay lim.  
Ci ndeyjoor bi, mu am ay nataalu mala,  
ci càmmooñ am ay rabi àll.



Ci ginnaaw kalaas bi, am na benn  
armuwaar.

Ci biir, ñu denc fa ay foyukaayu togg, ak ay  
foyukaayu faj, ak ay téere.

Sunu madam, buy jàngale xam-xamu lakk,  
dafay génne yi mu soxla.

Sunu kalaas dafa set te féex.

Su nu xëyee, bala nuy dugg, danuy ànd ak  
sunu madam, bale ko mu set.

Nu daldi tonni mbalit mi, dugal ko ci

defukaayu mbalit bi, dem tuuri ko.  
Nu raxas sunu loxo, duy siwo bi nuy fompe  
tablo bi, dugal ci fompukaay bi.  
Bu juroomi waxtu jotee, kolos bi sone,  
njàng mi tàmbali.  
Népp toog, madam bi duggusi, ñu jóg,  
daldi koy nuyu.  
Mu fey nu, laaj nu nu nu def, saytu ñi  
ñëwul ak ñi yéex a ñëw.  
Njàng mi door nag,  
tey mbirum faj lanuy jàng.  
Madam bi génne na yi ñuy faje, pikiir yi,  
alkol yi, wëtteen wi ak ay garab.



Nu yàkkamti, ku nekk bëgg a faj.  
Bi nu noppee, nu jàng xayma, nu génne  
sunuy bantu xat ak sunuy xor.  
Ku nekk di liggeey, ànd ci ak cawarte.  
Su nu sonnee, danuy woy ak sunu madam,  
bala nuy duggaat ci meneen  
njàng mu bees.  
Sunu kalaas dafa neex, kenn du daw, ñépp  
a di yàkkamtee jàngsi.

Waa ñaareelu kalaas ñoom, ci seen muse  
lañu bind :


« Sunu muse mu ngi tudd muse Jóob,  
moom dafa gàtt, ñuul, rafet,  
ba noppi baax.

Am na sikkim bu gudd, ñu koy jaawaale  
yenn saa yi ak ustaas.

Foo ko fekk rekk mu ngi muuñ, xale yépp  
bëgg mu jàngal leen.

Dafay sol ay tubey ak simis yu rafet ;  
àjjuma mu sol yére wolof.

Am na welo bu rafet, bu xonq.



Bu egsee dafa koy ceene ci buntu ekool bi,  
bañ ku ko sàcc.

Loolu mooy wone ni Muse Jaw ñëw na.

Moom du dóore te gaawul mer.

Buy jàngale ñépp a koy déglu ndax  
njàngaleem dafa neex.

Bu nuy jàngal ci làkku réew mi, dafay leer  
nàññ ci nun.

Bu jëlee làkku tubaab itam, dafay leer  
nànn, yomb ci nun.

Dolli ci,foo ko fekk mu ngi yedd xale yi,  
naan leen na ngeen jàmbaare bu baax ci  
seen njàng.

Su ëllëgee, ngeen am njariñ ci seen bopp ak  
ci seen i waajur.

Yenn saa yi, mu am ay xale yuy daw jàng,  
walla yu sawarul ci njàng mi.

Su boobaa, dafa koy jaral mu dem gisi  
waajuram seen kér, xool lu waral loolu.

Moo tax sunu waajur yépp a ko bëgg ;  
dañu ko jox cér. »

Sunu waa kalaas yi dañuy wax ne su ñu  
màggee dañoo bëgg a mel ni sunu muse.



Waa kalaasu ñetteel bi ñoom,  
bataaxal bii lañu bind « Yeen sunuy xarit,  
ñoo ngi am mbégte lool ci bind leen bii  
bataaxal. Jot nañu seen bataaxal bi ngeen  
ñuy nettali seen toolu ekool. »

Nun tamit def nanu tool ci sunu ginnaaw  
kalaas, ci ndibmalu Direktiris bi.

Ànd nanu ak sunu madam, defar tool bu  
yem te rafet.

Ji nanu fi salaat, persi, naanaa ak bisaab.  
Kalaas bi dañu ko séddale ay pàcc,

jaxase ay góor ak ay jigeen.

Bu ngoonee, bu nu jànggee ba wàcc,

pàcc bi moome mooy dem roose.

Mooy dindi ñax yu bon yi,

defaraat palan̄ yi.

Am nanu ay rosuwaal, ay peel ak ay rato.

Tool baa ngi rafet, wert.



Yenn saa yi, yeneen muse yi dañu fay indi  
seen i elew.

Dañu leen fay jàngal,  
bu nuy def yenn lesoŋ yi.

Leegi nag, toppatoo nanu tool  
bi ba mu màgg.

Madam ak muse ak yeneen ekool yi,  
ku bëgg dara, dangay ñëw, ñu jaay la.  
Faatu ak Lamin ñooy dajale xaalis bi.

Tool bi tax na ba sunu ginnaaw kalaas bi  
dafa set wecc leegi.

Te bu yàgg ba, tuurukaayu mbalit la woon.  
Yaakaar nanu ne sunu bataaxal bi dina  
leen fekk ci jàmm.

Nu ngiy nuyu ñépp,  
Nu ngi yàkkamti, di xaar seen tontu. »



Waa ñetteelu kalaasu bi dañu bind ci seen  
saal eeformatig bi nekk ci ekool bi.

Béreb bi am na lu tollu ci ñaar-fukki masin  
ak ñett.

Gornamanj bi dafa defoon ab porose bu  
tuddoon sene kilig.

Mu tånnoon ay ekool, may leen ay saal yu  
ñu dugal ay ordinaatëer.

Ordinaatëer yépp a ànd ak jamono, bu ci  
dàq sa moroom nga ni bii la.

Ay masinu ekaranj palaa lañu, bu ci ne ànd na ak ay jumtukaay.

Ñu lëkkale leen ak enternet bi, masin bu nekk dafa am palaasu boppam.

Am na itam siis bu nooy bu ñu teg ci wetam.

Boo ci toogee, dangay jàpp neex te saal bi itam dafa rafet, féex.

Ay palanteer yu yaa fa nekk ak ay wàntilaatëer ca kow.

Muse Njaay mooy toppatoo saal bi ak masin yi.

Dafay jàngale itam eeformatig, mu am benn waxambaane bu koy jàppale.



Kalaas yi dañuy ay-ayloo ngir dem mu  
jàngal leen ci masin yi.

Kalaas bu nekk am nga ñaari waxtu ci ayu-  
bés bu nekk.

Muse Njaay dafay séddale kalaas bi ci  
ñaari pàcc, bu ne mu jox ko lu muy def.

Yenn saa yi, jàngalekat yi dañuy soxla xale  
yi gis ak bët li ñuy jàngale.

Su boobaa, dañuy yóbbu seen i ndongo ci  
biir saalu eeforamatig ba.

Ñu ubbi enternet bi, xool li mu leen  
bëgg a won.

Loolu dafa am solo lool ci nun te dafa nuy  
gën a sawarloo.


Xarala yu bees yi dañu gën a yaatu.

Duggsi nañu bu baax ci biir ekool yi.

Soppi nañu lool itam doxalinu njàng mi.


Tax na leegi, jàngalekat ak ndongo yépp  
dañu soxlo béreb yu mel nii.

Mooy tax ñu mën a ànd ak jamono ji.



Waa juroomeelu kalaas bi ñoom, dañu bind  
ne : « Sunu ekool, ekool bu yàgg la.  
Ci atum 1950 lañu ko tabax, laata  
Senegaal di moom boppam.  
Ay kilifa yu bare, yu nekk ci réew mi ak ci  
bitim réew, jaar nañu fi.  
Ñetti kalaas rekk la amoon ca njalbéenam  
te ay jigeen rekk ñoo fa daan jànge.  
Ekool bi di màgg ba leegi am na fukki  
kalaas ak benn.

Ay góor ak ay jigeen ñépp a fiy jànge. »  
Kalaas bu mujj bi moom, bu juroom benneel  
bi, mooy kalaasu mag ñi.  
Bind nañu ci dundinu ekool bi, koperatiiw  
bi ak xew-xew bi ekool biy def :  
« Desàmbar bu nekk, bu ñu jëlee feetu  
nowel, ekool bi dafay def set-setal.  
Ci feetu pag yi, ñu def kermees.  
Dinañu def itam yeneen xumb-xumb naka  
simb gaynde walla luxus.



Bu ñu demee nag ba weeru Mee,  
ñu ànd ak yeneen ekool yi ci réew mi yépp.  
Ñu bokk ci ayu-bés bi ñu jagleel ekool yu  
ndaw yi.

Dafay ànd ak wenn waxtaan wu sunu kilifa  
yi di joxe maanaa mi.

Ayu-bés boobu dina am itam ay jojante  
xam-xam ci diggante kalaas yi.

Dina am it ay jojante po naka futbal  
ak làmb.

Dinanu fa nas itam set-setal ak kermees,  
tëje ko ay wone cosaan ak aada. »

Direktiris bi jàng bataaxal yépp.  
Mu dajale yépp, def ko benn téere,  
daldi bind ci suuf.  
« Yéen elewu Medina ak elewu Daaru,  
yaakaar nanu ne dingeen bé  
ci sunu téere bi.  
Dingeen gën a xam itam  
sunu dundinu ekool.  
Ñoo ngiy ñaan ngeen jot ko ci jàmm. »

### Laaj yi :

- 1.Ban kalaas a gën a neex ci ekool bi ?
- 2.Ñaata masin la saalu eeformatig bi am ?
- 3.Saalu eeformatig bi dafa lëndëm  
walla dafa leer ? Lu koy firndeel ?
- 4.Loo xalaat ci waa ekoolu Daaru ?

# Surnaalu ekool




Elew yi sawar nañu sos surnaalu ekool.

Dina tax ñuy gëstu ci eefomatig ak ci enternet.

Xam-xamu xarala yu bees yi du  
leen ump mukk.

Dina tax ñu mën a jokkoo ak àddina sépp.  
Bindante ak yeneen ekool ak yeneen réew  
dina leen yomb.

Bind dafa ànd ak gëstu foo tollu.  
Dinga ci jàng xeetu bind yu bare.  
Dinga mën a tåggat sa bopp ci mbindin wi.  
Nettali xew-xew dina la yomb.  
Dinga ci xam lu bare loo xamul woon.  
Boo ci yàggee tuuti, dinga mën a bind,  
doon bindkat.



Buntu méccem surnaalist dina ubbeeku.  
Dina tax ngay xalaat, di laajte,  
di dégluwante, di waxtaan.  
Di déglu xalaatu keneen, bu nu la yayee  
nga nangu.  
Dina tax ba nga mën a dund ak nit ku nekk.  
Nangu xalaatu keneen te doo ci mer,  
doo ci xul.

Ca ndoorte la, la leen seen muse woo,  
nu waxtaan ci fànn yii :

- Ràññee bu baax ñan ñooy jàng mbind mi.
- Tàggat la ci fànni bind yu bare.

Lépp luy xew-xew, am na nu ñu koy binde.  
Dinga mën a ràññe surnaalu xeltu ak buy  
wax ci caada.

Téere nettali, woy walla kilib yu génn,  
nga waxtaan ci.



Nanu waxtaan ba jàpp nan la  
surnaal biy tudd.

Ci lan la war a wax ?

Nan lanu koy mändargaale?

Ñaata surnaal lañu war a génne ?

Ñaata xët la war a am ?

Ndax dafay génn bés bu nekk, ayu-bés  
walla weer ba weer.


Laaj yi ñuy xaar ñooy lan la ku nekk  
ci nun war a def ?

Ana mbooloo muy mbind xew-xewu  
ekool bi ak dëkk bi ?

Ana kuy jiite mbooloo mi ?


Kuy toppatoo lépp lu jëm  
ci po yi ak nataal yi ?

Kuy def tëgginnu xët wi ak kuy  
topp defarin wi ?



Muse Raabix, doon surnaal bu mag,  
ñëwoon na fekkesi waxtaan wi.  
Wone na mbégteem ci ndaje mi,  
gérëm leen.  
Jàpp na ne lii, war na law ci ekool yépp.  
Mu ne, ñépp a soxla sos surnaal  
ci seen ekool.  
Mën na nekk ci kayit walla ci dalub web.

Mu ne, laata ngeen di bind, dangeen war a  
tontu ci laaj yii :  
Ci lan ngeen war a wax ?  
Bu fekkee ci nit la, nit kooku kan la ?  
Bu dee xew-xew la, ban la ?  
Kañ la jëf ji am ?  
Fu mu amee ak ndax sore na am déet ?



Bunu fàttee jottali kàddu mala yi,  
ay dëkkandoo lañu.

Nanu leen bàyyi ñu wax seen tawat ci  
doxalinu nit ñi.

Nañu wax nu ñu gisee seen diggante  
ak nit ñi.

Bu fekkee lu rafet la, nu dolli jëflante bi.  
Bu fekkee lu ñaaw la, nu bàyyi ko.

Fas ne, gis ngeen ni nu boroom sareet yi di toroxale ; karwaas yi metti nañu.

Fipp-fipp ju dul jeex, sunu yaram yi di metti, du dëgg du yoon.

Sëf bu diis nu gàddu, tegle méebël,  
suuf, simonj walla móol.

Amul guddi, amul bëccëg, liggeey bu bare lañu nuy sëf.

Lekk gu néew lañu nuy jox,  
moo tax ñu ràgg lool.

Ku ci feebar, dangaa dog, amatoo njariñ.



Xaj ne leegi ci mbedd mi lanuy fanaan.  
Xale bu nu romb, for xeer, sànni nu ko.  
Xiif a nuy jàpp ba nuy tuur mbalit di  
for lu nuy lekk.  
Ku ciy saaga, walla di wax lu ñaaw,  
jiital sunu tur.  
Xanaa leegi bokkatu nu ak nit ñi dëkkuwaay.

Pitax ne, ci kaaf gu tuuti lañu nuy dugal.

Dañuy dëkk fu yaatu, dëkkal nu fu xat.

Bu ñu jógee di nu waliis ak seen lex  
yu wow yi.

Defe nañu ne kaani rekk lanuy lekk, ana  
gerte, ana meññeef yi.

Xanaa dañu noo yéenewul lu saf te neex ?



Jën ne mënaturu dund leegi ci géej gi.  
Danuy tëmbal seen bomb yi ci ndox mi,  
soog noo jàpp  
Am na ci ay bato yuy sànni mbaal mu la  
mën a xëcc foo nekk.  
Ana oos, caas, walla mbaal ?  
Nappatuñu leegi, danuy yàq géej gi, dem  
seen yoon.

Elew yi dajewaat nañu,  
waxtaan ci cëru ku nekk.

Ñiy toppatoo wàllu bind def nañu mbooloo.  
Ñeneen ñi koy siiwal ci rajo yi ak ci tele yi  
noppi nañu.

Wone nañu nataal yu fés, taf leen  
ci dëkk bi.

Am na ñuy saytu dalub webu surnaal bi.  
Am nañu ku leen wutal farandoo.



Elew yi sawar nañu lool ci liggeey bi.  
Ku nekk a ngi ci wàll wi ñu la dénk.  
Direktëer wutal na leen biro ci ekool bi.  
Bu ñu wàccee, foofu lañuy daje nekk ci  
ordinatëer yi.  
Dogal yu bare foofu lañu koy jële.

Njàng ma lañu tudde seen surnaal ci web bi.

Ekool bépp a ngi xaar jukki bu jëkk biy génn.


Tàggat nañu elew yi, jox leen i jumtukaay.  
Am nañu itam ku leen di jàppale.

Kooku ku aay la, li muy liggeey amu ci moroom.



Ekool bi xumb na, elew yaa ngi bég.  
Direktëer dugg na ci biro surnaal bi, sargal  
elew yi.  
Koneksoñ am na ci ekool bi.  
Fu nekk, ñu ngi fay woote.  
Rajo yi seetsi nañu leen.  
Tele yi ñëw nañu ci ekool bi.

Am na yeneen ekool yu bind direktëer.  
Dañu bëgg a sos seen surnaal ci web bi.  
Fàww ñu tåggat elew yi ci yeneen ekoolu  
dëkk bi.  
Ba bitim réew, ñu ngi wax ci surnaal bi.  
Perye nañu leen Mali, Suwis ak Kanadaa.



Ndimbal yi ñu doon xaar ñëw nañu.  
Ekool bi soppi na xar kanam.  
Tabaxal nañu leen yeneen kalaas.  
Yokk nañu seen biro, taaral ko.  
Jox nañu leen ay ordinaatëer yu bees tàq.

Surnaalu ekool daal am na njariñ.

Siiwal na ekool bi ci àdduna bi.

Tàggat na elew yi ci bokk ci mbirum  
surnaal ba ñu mokkal.

Ekool bu mu sampu, dinañu jël ndam ci  
joñante yi.

Moo tax ekool bu nekk bëgg mu gane ko.

### Laañ yi :

1. Lan la elew yi bëgg a sos ci ekool bi ?
2. Lan ndam la elew yi am ?
3. Lu waral rajo ak tele yi ñew ci ekool bi ?
4. Lan nga xalaat ci njàmbatu mala yi ?



Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



**USAID**  
DU PEUPLE AMERICAIN